



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$10.4 MILYON NAN FINANSMAN ETA POU SIPÓTE
PWOGRAM PRE-MATÈNÈL LAJ 3 ZAN NAN 25 DISTRI LEKÒL KI GEN ANPIL
BEZWEN**

***Finansman pral pèmèt plis pase 1,500 timoun enskri nan bon jan kalite pwogram
Pre-matènèl***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yo te afekte \$10.4 milyon pou 25 distri lekòl ki gen anpil bezwen pou ogmante aksè a bon jan kalite jadendanfan pou yon total 1,500 elèv ki gen laj 3 zan nan New York. Jan li enkli nan [Ajanda 2016 Gouvènè a Built to Lead](#), finansman sa vize pou sipòte ekspansyon pwogram pre-matènèl nan kad efò ankou Eta pou ankouraje edikasyon bonè, spesyalman nan distri ki gen bezwen elve yo, epi amelyore avni akademik pou tout elèv yo.

“Chak timoun merite yon tretman ekitab nan bon jan kalite edikasyon”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa pral ede egalize teren akademik la pou timoun yo ki nan kominote defavorize yo, ba yo opòtinite pou reyisi, pwospere epi finalman dirije nan New York.”

Finansman ke yo te bay distri sa yo baze sou kalite aplikasyon ansanm avèk lòt faktè yo, enkli elèv ak distri ki gen bezwen, efò pou vize elèv ki gen anpil bezwen yo, ak efò pou ogmante kantite timoun ke yo sèvi nan pwogram pre-matènèl yo.

“Etid montre ke mwaye nan eka randman te deja etabli anvan elèv yo antre nan klas premye ane”, **te deklare Konsèy Administrasyon Chanselye Betty A. Rosa.** “Envesti nan bon jan pwogram matènèl ka redwi eka randman ant jèn ki gen revni fèb ak sa ki opilan yo e ki gen yon enpak pozitif alontèm sou lavi timoun yo. Bay timoun nou yo yon bon jan kalite depa se senpleman bon bagay ki dwe fèt.”

“Nou konnen ke pre-matènèl fè yon gwo diferans nan prepare timoun yo pou lekòl”, **te deklare Komisyonè Edikasyon Eta MaryEllen Elia.** “Bon jan kalite pwogram pre-matènèl, espesyalman moun sila yo ki bay sèvis pandan tout jounen epi sèvi elèv ki gen anpil bezwen yo, ede elèv sa yo pou yo rete sou direksyon pou yo ka diplome nan lekòl segondè e, alontèm, redwi nan fason enpòtan depans pou ratrapaj edikasyon, sèvis sosyal, pwogram jistis kriminel ak sante.”

Finansman ke yo te akòde nan distri yo prezante nan fason ki anba:

Distri	Sibvansyon
Addison Central School District	\$310,040
Auburn City School District	\$820,384
Bath Central School District	\$306,161
Beekmantown Central School District	\$213,408
Canajoharie Central School District	\$150,475
Chateaugay Central School District	\$176,000
Cohoes City School District	\$263,147
Copenhagen Central School District	\$144,000
Dansville Central School District	\$198,487
Dunkirk City School District	\$692,168
Fillmore Central School District	\$211,782
Genesee Valley Central School District	\$203,065
Jordan-Elbridge Central School District	\$510,912
Lackawanna City School District	\$583,859
Lansingburgh Central School District	\$126,369
Middleburgh Central School District	\$125,303
Monticello Central School District	\$248,982
Odessa-Montour Central School District	\$266,217
Penn Yan Central School District	\$216,000
Rome City School District	\$1,147,527

Sodus Central School District	\$179,665
Syracuse City School District	\$1,245,461
Watertown Central School District	\$1,075,968
Whitney Point Central School District	\$453,438
Yonkers City School District	\$492,592
Total	\$10,361,410

Depi 2011, Gouvènè Cuomo te plis pase double angajman Eta nan edikasyon bonè pou amelyore avni akademik jèn moun yo nan New York. Aprantisaj bonè ka konble eka yo epi bay benefis non sèlman nan etap bonè nan lavi a men tou nan lontèm lan. Daprè Enstiti Nasyonal pou Rechèch Edikasyon Bonè (National Institute for Early Education Research), timoun yo ki patisipe nan bon jan kalite pwogram edikasyon anfans gen yon pi bon nòt nan tèl mantal jiska laj 21 ane, plis siksè nan egzamen akademik nan toulède matematik ak lekti e yo gen plis chans pou ale nan yon kolèj katran epi travay pou bon salè.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418